

Wawancara K.H. Abdurrahman Sepuh

13 Mei 2009

Mengenal Pa Muttaqien, Pa Rusyad, teh ya di jaman SMP akhir lah,. Di SMP. Dina Kampanye Pemilu 1955. Muhun ari mengenal mah, kitu. Muhun da eta mah mung mengenal sekadar nama. Ari dikenal mah EZ Muttaqien, da dikenal nami panggung we. Jadi mendengar suara di panggung. Jadi sering ngupingkeun ceramah teh, jaman kapungkur teh, Pa AK Basuni, Pa Muttaqien, Pa Rusyad Nurdin. Eta teh masih araranom. Muhun, jaman kampanye. Tah, Isa Anshari mah tos sepuh. Nu kasebut muda mah Ak Basuni, santer teh, Pa Muttaqien, Pa Rusyad. Tos kenal hebat. Tah ari paamprok mah teu acan. Nuju di Garut, pan abdi nuju di SMP. Di ruangan aula SMP Muhammadiyah, aya di alun-alun Garut. Jadi jaman eta, jaman taun hareupna. Kenalna, tenarna mah. Tapi teu paamprok jeung jalmina kitu. Sohor we jadi pembicaraan. Tokoh muda lah kitu. Pa Muttaqien mah datar. Pa Basuni mah kocak. Tas di SLTA Muhammadiyah, SMA muhammadiyah. Ngawitan taun 1958 di Bandung. Abdi lulus SMA Muhammadiyah aya we PIT di Bandung sareng daftar ka UNU (Universitas Nahdlatul Ulama). Tapi da. Can kenal sareng Pa Muttaqien ge harita mah. Nu tos kenal teh sareng Pa Ma'mun Kusumadilaga. Sabada lulus BA, nembe runding-runding. Taun 1959-1966. Sabada ngadangu berita dibebaskeunana Pa Muttaqien, kita-kita ya teman-taman rapat. Saha nu kedah neraskeun Unisba, untuk mengganti Pa Ali Usman. Termasuk Emsa, Solihin Saziri. Pokona grup-grup ti Pajagalan seuseurna mah. Tanpa berunding dengan sepuh-sepuh. Diputuskeun we nama Pa Muttaqien. Istilahna mah senat mahasiswa, tahun 1968. Sabada eta nembe abdi wawuh sareng Pa Muttaqien. Tos tauun 1970-71. Salian ti eta PHI (Persatuan Haji Indonesia), nyaeta dosen-dosen nu ngawulang di luareun UNisba, saperti Pa Endang Saifullah, Pa Miftah Farid, nu sok ngundang Pa Muttaqien teh. Sabada serah terima ti Pa Ali Usman ka Pa MUttaqien mah nembe we abdi kenal ka Pa Muttaqien. Akrab. Ku kepengurusan Pa Muttaqien, abdi nu lulus taun Desember 1970, langsung sareng Aminuddin Soleh (tiluan), malah ijazahna mah dikaluarkeun taun 1973. Pa Muttaqien teh sangat respek menmberi perhatian, harus alumni. Jaman Pa Muttaqien teh langsung abdi ketua corp muballigh unisba sareng Pa Syafii. Tos tersusun terbentuk abdi teh jadi sekretaris Lembaga Penelitian dan Pengembangan nu diketuaan ku Pa Ibin Kutibin. Sakedap. Abdi merasa oleh Pa Muttaqien terkaderkan. Pokona sadayana nu tos lulus ti Unisba, dijarenengkeun weh. Taun 1976, abdi teh sekertaris dekan fakultas syariah. Hartosna, abdi yang merasa tidak tahu apa-apa digedekeun ku nu gede deuih. Sehingga taun 1978, abdi dapat hakim agama di Bandung. Teras abdi wawartos ka Pa Muttaqien, ari saurna teh, "Yi, upami bade ngejar karir memang di dinya. Tapi upami bade berjuang jeung Akang di dieu." Tos kitu teh, jadi we abdi janten hakim agama di bandung, mung sataun. Kaluar deui. Nu ngarintis jawatan pendidikan agama teh Pa Muttaqien. Numutkeun carita mah. Abdi mah kataji ku kalimah eta. Di ditu jalan di dieu jalan. Eta hiji. Nu kaduana, perjuangan Pa Muttaqien di Unisba. Kumaha perjuangan Pa Muutaqien membaskan Unisba, kan gitu. Unisba teh kawitna PIT terus Universitas Kian Santang, sakedap teras jadi Unisba. Ti jaman PIT nepi ka Unisba, dianggap jadi sarang Masyumi ku pamarentah teh. Curiga terus. Sehingga teu kagambar kumaha unisba bakal maju. Ditewakna Pa Muttaqien teh saatosna

peristiwa penembakan Bung Karno waktos idul adha. Di saat-saat kerengna pamarentah, simpati ummat sareng kefanatikan, sareng dina suasana kitu Pa Muttaqien ngauyakaeun taktik. Pan harita teh nuju muncul istilah KB Macet, program KB teh macet. Walaupun muhammadiyah proaktif. Di Jawa Barat, dianggap haram. Tah Pa Muttaqien bekerjadama dengan BKKBN malah Unisba. Sarieun da kapungkur mah arasup ka Unisba teh, ari lain nu alumni ti Pajagalan mah. Maka pa Muttaqien, mengadakan seminar mengenai KB. Eta teh hiji di karesedian Cirebon, jadi mengundang ulama-ulama sacirebon. Panitiana sareng penyelenggarana Unisba. Di Sukabumi, di Serang. Pokona di lima tempat. Wajktuna saminggu-saminggu. Eta teh. Tos taun 1970-an teh. Jadi cair. Tapi isinya jadi kampanye Unisba. Dalam rangka mensosialisasikan Unisba. Kadua, sosialisasi Unisba jaman Pa Muttaqien teh, mahasiswa-mahasiswa senior sareng alumni-alumni teh setiap Ramadhan disebar ke seluruh Jawa Barat. Dalam rangka kampanye Unisba dan mendekatkan diri dengan pemerintah. Sehingga dengan demikian, dirasakan oleh pemerintah sangat membantu melancarkan program KB yang macet. Tapi setelah ada inisiatif Pa Muttaqien, di satu sisi Unisba dikenal, dimana-mana dan dihargai, di sisi lain pemerintah merasa dibantu. Jadi ya mulai itulah mulai sempat dekat dengan Amir Machmud. Nu kadua, dengan masyarakat luas, Pa Muttaqien tuh, di samping rektor beliau pun sebagai konsultan. Konsultan penyelesaian konflik rumah tangga. Di kantor Pa Muttaqien teh tara towong tamu, sagala ibu-ibu atanapi bapa-bapa nu rek cerai. Menyelesaikan kemelut rumah tangga. Termasuk perselisihan waris. Mengenai hal eta oge, abdi merasa dibesarkan, wawasan abdi luas, abdi sok nyusun konsep, ku cara maparin tugas-tugas. Pan upami ada hubungannya dengan waris dan hukum, Pa Muttaqien selalu menyerahkan ke fakultas syariah. Pa Iping. Abdi ditugaskeun nu nyusunna. Aya kalana pendapat Pa Iping berbeda dengan Pa Muttaqien, abdi nu ngetikna, kan abdi sekretaris fakultas. Tah, dina palebah muamalah mah Pa Muttaqien sering berijtihad, kan ka Pa Iping mah ngganggap guru Pa Muttaqien teh. Seperti pada perkara pembagian harta gono-gini. Perhatian terhadap perkembangan syariah, Pa Muttaqien ge memperhatikan. Beliau setelah berhaji yang terakhir, menantang fakultas syariah untuk menentukan batas-batas mina dan mudzalifah yang telah

dipenuhi manusia. Jangan statis.

Pa Muttaqien anu ngarumuskeun tujuan atau arah Unisba selama berminggu-minggu di Pangalengan. Di Perkebunan Pangalengan. Bulan Ramadhan. Wktu Kopertisnya Pa Didi Kusumadilaga. Nu ayeuna mah diistilahkan visi-misi. Mujahid-mujtahid. Di wisma pangalengan. Mengenai statistic. Eta FCDE. Unisba teh ingginnya oleh Pa Muttaqien menjadi induk, menjadi rujukan.

Kesan terakhir mah teu percaya we Pa Muttaqien di rumah sakit teh. Bengong malah. Teu percaya, teu nyangka saeutik. Pa Muttaqien bakal pondok umur. Tah, ari, ari memang Pa Muttaqien dina segi pendidik mah memang melunak. Malah seueur perobahan-perobahan. Jadi pokona mah cenah "geus seubeuh bermusuhan dengan pengusa teh, hasilna teh kieu. Matak ayeuna lah, gagal wae." Ahirna mah kesanna mah Pa Muttaqien dina waktos pupusna teh nuju dijarauhan ku teman-temanna. Saperti grup Jakarta. Grup Pa Natsir Cs. Nepi ka Pa Muttaqien teh di satu pihak, malah sok ngobrol sareng Pa Bagir oge. Tapi Pa Bagir mah justru satuju, dengan sikap Pa Muttaqien kitu teh. Nepikeun ngadongengkeun aya

kajadian, aya hiji jalma nu jadi pangeunteupan sarerea di Jakarta, panegunteupan Pa Muttaqien pangeunteupan Pa Natsir. Pa Bagir nu nyaritakeun teh. Nuju aya Pa Natsir di dinya teh, duka saha heula, duka Pa Muttaqien heula. Pa Muttaqien tos aya di dinya, di kamar sejen. Terus Pa Natsir datang, terus dibejakeun. "Ah keun bae antep" cenah. Dalam keluwesan Pa Muttaqien demi kepentingan umat Islam, setelah beliau lama berjuang dalam bidang politik. Beliau mengalami perobahan jadi lunak, sehingga agak tidak disenangi oleh teman-temannya di Jakarta, kitu. Eta mah da diakui ku sadayana ge. Mung teu dituding model Nurcholis we kitu. Memang rada dikucilkeun Muttaqien teh. Tapi ari sareng Pa Rusyad mah, margi Pa Rusyad mah terang kitu. Dina saat Pa Muttaqien wafat, Pa Natsir teu sumping. Nu aya teh mung Anwar Harjono sareng Pa Lutfi, pami teu lepat mah. Tah eta teh, komentarna seueur. Hiji memang sebelumna aya kesan kitu. Kaduana kan justru sabalikna LB Moerdani hadir. Tah mung kalebet Petisi 50 pan. Jadi tidak boleh seatap tea kan, lanataran aya Moerdani, Pa Natsir tidak boleh seatap. Mungkin eta, komentar. Tapi kieu, abdi masih emut, kan menjelang Pa Muttaqien, kan nuju digoncang ku si, budak Unisba tea, ku si Kholid Muslim, soal lembaga Muslimin, disebut Pa Muttaqien, Pa Muttaqien dituding korupsi 2 Milyar. Kholidin Muslim. Tah, eta teh nuju saat-saat Pa Natsir nuju bendu ka Pa Muttaqien. Tapi abdi kenging berita, aya telepun ti Pa Natsir ka Pa Muttaqien, "selesaikan." Dan Pa Natsir mendukung ka Pa Muttaqien. Demi nama baik Pa Muttaqien, Pa Natsir mengirim telepun supaya diselesaikan. Pa Natsir tidak yakin Pa Muttaqien korupsi, kan kitu. Jadi sok sanajan teman-teman di Jakarta kurang mendukung kepada kebijakan Muttaqien, dan dina ahirna, dina menjelang wafatna Pa Muttaqien, Pa Muttaqien teh nuju kenging fitnah. Tina soal lembaga Muslimin. Nya nu ku si Kholidin Muslim tea. Da atuh kieu, dina koran, Muttaqien korupsi. Aya jelema dina bis kota, aya nu sakieu tea, sateungkeupan, dibeuli, jaba dicabok heula nu dagangna. Bakat ku keuheul, bakat ku ngabela ka Muttaqien. Tah eta teh persis dina menjelang wafat. Tapi seluruh rakyat ge teu percaya.